ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№105 (23.263) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гъуэгу къежьапIэ

КIуэкIуэ Юрий Москва щахуэзащ къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ щIэс студентхэм

КъБР-м и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм Москва дэт и IуэхущIапIэм накъыгъэм и 31-м КIуэкIуэ Юрий щахуэзащ къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм КъБР-м икIауэ щIэс студентхэм.

ЗЭIУХАУЭ ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм унэм къагъэзэжа нэужь зэрадэIэпыкъунум, волонтёр жэрдэм зэмылIэужьыгъуэхэм, фIыуэ зэреджапхъэм къыдэкIуэу, Урысейм и къалащхьэм зэрыщыIэр къэгъэсэбэпауэ, къэралым и тхыдэм, урыс, дунейпсо щэнхабзэм я хъугъуэфIыгъуэхэм щыгъуазэ зыщIын зэрыхуейм. «Ущыстудент зэманыр гъащIэм и Iыхьэ нэхъыфI дыдэщ. Ар пщIэншэу фымыгъэкIуэд», - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Сыхьэтищым нэблагъэкIэ екIуэкIа псалъэмакъым хиубыдэу студентхэр куэдым щIэупщIащ, езыхэм я псэукIэр зыхуэдэр, я мурадхэр къаIуэтащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, а мурадхэр нэхъыбэу зытеухуар езыхэр щалъхуа республикэм къагъэзэжу экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьэнырщ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ утыку къырахьащ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, турист-рекреацэ комплексым, ухуэныгъэм ехьэлIа бизнес-проект зыбжанэ. Абыхэм ящыщу нэхъыфIхэр, жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, хэплъэн папщIэ къащтэ хъунущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тригъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 486-м щIигъу къыIэрыхьэнущ

Псыр зрикIуэ бжьамий гъуэгум и япэ Iыхьэр Дзэлыкъуэ районым щаукъуэдиин папщIэ сом мелуан 421,4-рэ, псы фIейхэр щагъэкъабзэу Бахъсэн щыIэ IуэхущIапIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ сом мелуан 65,5-рэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуаутIыпщынущ.

Абы теухуа унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Д. А. Ахъшэр къыхэкIынущ 2025 гъэм нэсыху тещIыхьа «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэнум.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Хъыбар гуапэ

ЩэнхабзэмкIэ унэр къыпхуэмыцIыхужыну къагъэщIэрэщIэжащ

Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэр зэгъэпэщыжын яухри къызэIуахыжащ. Абы теухуа зэхыхьэм къыщыщыпсалъэм жылэм я нэхъыжьхэм ящыщ Щэуей Суфэдин къыхигъэщхьэхукIащ мы IуэхущIапIэр 1956 гъэм щащIам щыгъуи иджыпсту хуэдэу щIэращIэу зэрыщымытар.

КЪУАЖЭДЭСХЭМ я гуфIэгъуэр даIыгъыну а махуэм Къулъкъужын Ищхъэрэм дэсхэм яхуеблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Сыжажэ Хьэсэн** сымэ.

Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм Мусуков Алий къыхигъэщащ нэгъуэщI IэнатIэхэм къыщыдагъэхуэф ахъшэ мащIэм фIэкI щэнхабзэм хухамыхыу зэман IэджэкIэ къызэрекIуэкIар. Ауэ апхуэдэ щытыкIэм иужьрей зэманым фIыкIэ зихъуэжу хуежьащ. Республикэм и унафэщIхэм яхузэфIэкIащ щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэр зэгъэпэщыжыным текIуэдэну ахъшэр къызэщIагъэуIуэн. Иджы муниципальнэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэри зыхуей хуагъэзэжу щIадзащ.

Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **ПщыхьэщIэ Руслан** зэрыжиIамкIэ, Къулъкъужын Ищхъэрэм щэнхабзэмкIэ и унэр къэгъэщIэрэщIэжыным текIуэдэну ахъшэр федеральнэ бюджетым къыутIыпщащ, абы республикэми езым къылъыс Iыхьэр хилъхьащ. ЩIыр нэхъыбэрэ щыхьей щIыпIэхэм щыIэ унэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ программэм хиубыдэу псори зэхэту сом мелуан 40-м щIигъу къыIэрыхьауэ щытащ.

Лэжьыгъэхэр нэгъабэ шыщхьэуIум и пэщIэдзэм ирагъэжьащ икIи ахэр зэфIагъэкIын щыхуеяр мазэ 11 дэкIа нэужьщ. Апхуэдэу щыт пэтми, «Лидер» ухуакIуэ компаниер Iуэхум еужьэрэкIащ икIи лэжьыгъэ псори фIагъ лъагэ яIэу мази 9-м яухащ.

Зи щIыбкIи зи кIуэцIкIи зыхуей хуагъэза IуэхущIапIэр иджырей Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэкIэ къызэгъэпэщащ икIи адэкIэ Iуэхур зэрекIуэкIынур мыбы щылэжьэну IэщIагъэлIхэм я егугъуныгъэм елъытауэ аращ. Ахэр зыдэплъеин цIыху гъуэзэджэ куэд мы жылэм къыдэкIащ. Музыкэмрэ гъуазджэмрэ къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ пшынауэхэу ПщыхьэщIэ Мухьэжыррэ Къуэдз Iэубэчыррэ, республикэм и цIыхубэ артист Мэршэнкъул Iэдэм, сурэтыщI цIэрыIуэ Къып Мухьэмэд, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущэ Iэуес, нэгъуэщIхэри.

Гъуазджэхэмкiэ сабийхэм папщIэ школым, Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм, и гъэсэнхэм я зэфIэкIми республикэм исхэр щыгъуазэщ. Зэхыхьэр иуха нэужь хьэщIэхэр а IуэхущIапIэми щыIащ икIи сабийхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ защIащ.

ГУРТУЕВ Расул.

● Гулъытэ

«Урысейм и дежкIэ дэтхэнэ сабийри лъапIэщ»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ проект Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу къыхилъхьащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым. А проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэр гъащIэм хэпща зэрыхъуну щIыкIэхэм щолэжь партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэми.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зэрыжиIамкIэ, гулъытэшхуэ хуащIынущ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжу къэхъухэмрэ. Ахэр щыпсэу, щеджэ IуэхущIапIэхэм щыщыIэ Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэнущ. БалигъыпIэ иувэу абыхэм къыщIэкIа нэужьи апхуэдэ ныбжьыщIэхэр партым и нэIэм щIэтынущ, гъащIэм я увыпIэ щагъуэтыху.

- Ди республикэм щылажьэ школ-интернатхэм ящыщ дэтхэнэри я нэIэм щIэтщ КъБР-м и Парламентым «Урысей зэкъуэт» партым и лIыкIуэу хэт депутатхэм, - къыхигъэщащ Жанатаевым. - Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм епхауэ лажьэ, Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ папщIэ Нартан къуажэм дэт школ-интернат №5-р, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и нэIэм щIэт «Сабий республикэ унэ» IуэхущIапIэм, КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу защIэгъэкъуэнымкIэ и министерствэм пыщIахэу Прохладнэ къалэм дэт сабий школ-интернатымрэ балигъыпIэ имыувахэм папщIэ «Нэмыс» центрымрэ. «Урысей зэкъуэт» партым и лIыкIуэ депутатхэр якIэлъоплъ, зэрыхъукIэ зыщIагъакъуэ а сабий IуэхущIапIэхэм.

Апхуэдэу зыщIагъэкъуэнущ сабий къэзыхьу зыпIыну зи мурад унагъуэхэми. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщ юридическэ чэнджэщхэр щат зэIущIэхэр.

Унагъуэхэр, анагъэр, сабиигъуэр хъумэным хуэгъэпсащ «КъБР-м и сабий зеиншэхэм, адэ-анэ зыщхьэщымытхэм социальнэу защIэгъэкъуэным теухуауэ» республикэ Хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэри. Ахэр епхащ хэхъуэшхуэ зимыIэ унагъуэ хуэмыщIахэр, сабийхэр псэупIэ унэкIэ къызэгъэпэщыным. А Iуэхугъуэм и гугъу щищIым, Жанатаевым къыхигъэбелджылыкIащ псэупIэ зратын хуей сабий зеиншэхэр иджыпсту 1420-рэ зэрыхъур. 2015 гъэм апхуэдэ ныбжьыщIэ 82-м унэ иратащ. Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм мы гъэм и гъатхэпэ мазэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту фэтэри 5-м я IункIыбзэIуххэр щратащ сабий зеиншэхэм.

2016 гъэм псори зэхэту цIыхуи 100-м иратынущ апхуэдэ фэтэрхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Радиом къыбгъэдэкI махуэшхуэ тыгъэ

Дыгъуасэ, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, «МИР» радиостанцым игъэхьэзыращ икIи иригъэкIуэкIащ цIыкIухэм яхуэгъэза нэтын гъэщIэгъуэнхэр.

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ сыхьэти 7-м къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 21-м нэсыху эфирым къиIукIащ сабий макъ узыIэпызышэ куэд. Апхуэдэхэт цIыкIухэм яхуэгъэза викторинэхэр, уэрэдхэр, усэхэр, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. «Сабиигъуэм и къалэ» программэ хэхар сыхьэт къэс къитащ. Радиом едэIуа сабийхэм абыхэм къыщащIащ зэрыджэгу хьэпшып цIыкIухэм, сабий щыгъынхэм, шхынхэм ятеухуа хъыбархэр. Сыхьэт 11-м къыщыщIэдзауэ 12-м нэс цIыкIухэр хашащ «Уэ къащIэт» жыхуиIэ зэпеуэм. Абы щытекIуахэм саугъэт цIыкIухэр хуагъэхьащ.

«МИР» радиом а махуэм къриубыдэу къатащ Сабий хуитыныгъэмкIэ декларацэм щыщ Iыхьэхэр. Сабийхэр гъащIэм и фIыгъуэу, и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытри псоми иджыри зэ ягу къагъэкIыжащ.

Апхуэдэу гъэщIэгъуэну, гукъинэжу махуэшхуэр щагъэлъэпIащ «МИР» радиом.

ТАМБИЙ Линэ.

«Нэмыс» центрым сабийхэр щагъэгуфIэ

Налшык къалэм и сабий IуэхущIапIэ куэдми хуэдэу мэкъуауэгъуэм и 1-р щагъэлъэпIащ «Нэмыс» реабилитацэ центрым. А IуэхущIапIэм щыIэ цIыкIухэм а махуэм яхуэхьэщIащ КъБР-м и Парламентым, гъуазджэхэмкIэ сабий школ №1-м я лIыкIуэхэр.

IУЭХУЩIАПIЭМ и пщIантIэм щрагъэжьа концерт нэжэгужэм хэтащ хьэщIэхэри, центрым и лэжьакIуэхэри, абы щапI сабийхэри. Парламентым и депутатхэм я цIэкIэ цIыкIухэм Iэпщэ Заур, Мэремкъул Арсен, АфэщIагъуэ Михаил сымэ ехъуэхъуащ икIи IэфIыкIэхэмкIэ яхуэупсащ. ЦIыхубэ Фронтым и республикэ къудамэм и лIыкIуэхэу Тхьэмокъуэ Анзоррэ Бэкъей Евгенийрэ сабийхэм иратыжащ «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм Iэ зэрыхутрадзамкIэ тхылъхэр. ГъуазджэхэмкIэ сабий школым къикIахэм цIыкIухэр зэрыджэгун Iэмэпсымэхэр къыздахьащ.

ЗэIущIэ нэгузыужьым и кIэухым «Нэмыс» центрым и унафэщI Къардэн Адэлбий къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIри псори гуфIэгъуэ Iэнэм иригъэблэгъащ.

● КъБР-м и Парламентым

IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкIам йодаIуэ

КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ республикэ бюджетымрэ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондым и бюджетымрэ 2015 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ 2015 гъэр республикэми зэрыкъэралуи къазэрытехьэлъар, итIани, социальнэ къалэнхэр щIыналъэм зэрыщызэфIагъэкIыфар. «Республикэ бюджетым щыщу нэгъабэ нэхъыбэ зылъысар узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэращ. Ар сом меларди 6,6-рэ мэхъу. Абы щыщу сом меларди 3,5-р Къэбэрдей-Балъкъэрым мылажьэу щыпсэухэм фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ я Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуащ, - жиIащ Егоровэм.

УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъазэм къыхигъэщат экономикэ щытыкIэр къэлъытауэ бюджет ахъшэр къызэрыдгъэсэбэпыпхъэр. Егоровэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, 2015 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэм я аппаратхэм ятекIуадэр проценти 10-кIэ (сом мелуани 150-кIэ) ягъэмэщIащ, къэрал, кIэзонэ, бюджет, автоном IуэхущIапIэхэр гъэлэжьэным хухахыр - сом мелуан 41,9-кIэ. Псори зэхэту республикэ мылъкум щыщу 2015 гъэм къыдагъэхуар сом мелуан 590-рэ мэхъу. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр къытеувыIащ къулыкъущIэхэм мы зэманым гу зылъатэн хуей къалэн нэхъыщхьэхэми. Ахэр: налог къыхэхыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ бюджетым и хэхъуэхэр нэхъыбэ щIынымрэщ. 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ налогыр ятхынущ бгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум и уасэм елъытауэ. «Кадастр къэбжыкIэм дытехьэмэ, щIыпIэ бюджетым хэхъуэ иIэн хуейщ, арщхьэкIэ абы кърикIуэнум и пэжыпIэ дыдэр пхужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ муниципалитетхэм налог льготэхэр езыхэм ягъэувыж», - дыщIигъуащ и псалъэм Егоровэ Татьянэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Тараев Игорь Владимир и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м щегъэжьауэ, щхьэщахауэ къэлъытэн Тараев Игорь Владимир и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэм и хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам.
2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№485-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мовсисян Грант Олег и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2016 гъэм накъыгъэм и 24-м щегъэжьауэ, щхьэщахауэ къэлъытэн Мовсисян Грант Олег и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэм и хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам.
2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№486-П-П

ХьэблэщIэм и теплъэр

Налшык къалэ администрацэм щекIуэкIащ Вольнэ Аулым хиубыдэ Нарт хьэблэщIэм архитектурэ и лъэныкъуэкIэ игъуэтын хуей теплъэм теухуа зэIущIэ.

АРХИТЕКТУРЭМРЭ къалэ ухуэныгъэхэмкIэ департаментым и щIэныгъэлIхэм ягъэлъэгъуащ хьэблэщIэм щаухуэну унэ зэтетхэм, IуэхущIапIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм я проектхэр.

Мы Iуэхум хэтыну кърагъэблэгъахэр (щIыпIэ Советым и депутатхэр, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр, къалэдэс къызэрыгуэкIхэр) проектым арэзы техъуащ. ХьэблэщIэмкIэ нэхъ гугъу хъуну къалъытэр псы зэфэн яIэнымкIэ щIапхъэхэрщ. Псы зэхуэхьэсыпIэщIэ ямыухуэмэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ зэрыщымыIэр жаIащ.

Нартыр ди щыхьэрым къегъэщIылIа хьэблэ нэхъ дахэхэм ящыщ зы зэрыхъунум IэщIагъэлIхэм шэч къытрахьэркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къупщхьэ узхэр гъэхъужынымкIэ лъэбакъуэщIэ

Нарткъалэ и район сымаджэщым къупщхьэ узхэр гъэхъужынымкIэ зэфIэкIышхуэ иIэ хъуащ. Иужьрей зэманым абы операцэу 32-рэ щащIащ шхужь къупщхьэхэр зэхъуэкIыным теухуауэ. Иджыблагъэ аргуэру цIыхуиплIым я лъэгуажьэ къупщхьэхэр зэрахъуэкIащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ апхуэдэ операцэ япэкIэ зэи щащIакъым. Лъэгуажьэм иджырей Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ зэреIэзэн хуей щIыкIэр ди дохутырхэм а махуэм яригъэлъэгъуащ республикэм щалъхуа, Урал щыIэ центр инхэм ящыщ зым щылажьэ КъардэнгъущI Альберт.

Операцэ нэужьым зы махуэ фIэкI дэмыкIауэ сымаджэхэр къызэфIагъэувэу щIадзащ. Ахэр мазитIым къриубыдэу хъужыпэну IэщIагъэлIхэм жаIэ.

Нэхъ япэхэм апхуэдэ операцэ ящIын хуейхэр республикэм и щIыбкIэ щыIэ федеральнэ клиникэ зэмылIэужьыгъуэхэм кIуэн хуей хъурт.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

НОБЭ

♦Италием егъэлъапIэ Республикэ щыхъуа махуэр (1946 гъэм). 1861 гъэм къыщыщIэдзауэ а къэралыр тетащ пащтыхь хабзэм. 1946 гъэм ирагъэкIуэкIа референдумым кърикIуахэм япкъ иткIэ Италие Пащтыхьыгъуэр щымыIэж хъуащ - къэралыр республикэ унафэ щIыкIэм хуэкIуащ.

♦Къэуат зыщIэлъ ерыскъымрэ шхынкIэ емыгъэлеинымрэ я махуэщ

♦Азербайджаным и граждан авиацэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦**1920 гъэм** РСФСР-мрэ Тыркумрэ дипломатие зэхущытыкIэ зэхуаIэ хъуащ.

♦**1924 гъэм** США-м щыпсэу индейцхэр а къэралым и цIыхуу къызэралъытэ унафэм Iэ щIадзащ.

♦**1928 гъэм** Налшык тхылъ тедзапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1931 гъэм** Лондон (Инджылыз) щызэхэтащ Газым елэжьхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къыщащта конференц.

♦**1953 гъэм** Елизаветэ ЕтIуанэм Инджылызым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦**1955 гъэм** Байконур космодромыр ухуэн щIадзащ.

♦**1962 гъэм** Новочеркасск щызэтраукIат уасэхэр зэрыдгъэуеямкIэ зэрымыарэзыр жаIэну уэрамым къыдыхьа цIыху мамырхэр. Абы щыгъуэ цIыху 24-рэ хэкIуэдат, 39-рэ уIэгъэ хъуат. Къэралым къыпэувауэ ягъэкъуаншэри, суд унафэкIэ цIыхуибл яукIат, 114-рэ ягъэтIысат.

♦**1976 гъэм** СССР-мрэ Филиппинхэмрэ яку дипломатие зэхущытыкIэхэр дэлъ хъуащ.

♦Совет тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Тренёв Константин** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщI **ЛъапцIэрыщэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, журналист **Хьэту Пётр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Яковлевэ Алёнэ (Еленэ)** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Теннисист цIэрыIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Дэвис и Кубокыр къэзыхьа **Давыденкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэжь бий умыщIи, псы жапIэжь унэ тумыщIыхь.

IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкIам йодаIуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур** тепсэлъыхьащ республикэ бюджетыр 2015 гъэм къызэрагъэсэбэпам. Абы къыхигъэщащ хэхъуэмрэ щIыналъэм къигъэсэбэпамрэ зэхуэдэу зэрыхагъэхъуар, къэралым къыIахыр зэрагъэмэщIар.

- 2015 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 25-рэ мелуан 736,6-м нэблэгъащ (процент 94,6-кIэ ягъэзэщIащ), къагъэсэбэпар сом мелард 28-рэ мелуан 679,5-рэ мэхъу (дубзыхуам и процент 88,7-рэ). Налог ахъшэу республикэ бюджетым къыхэхъуащ сом меларди 10-рэ мелуан 356,5-рэ. Налогым къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI хэхъуэхэмкIэ республикэ мылъкум сом мелуан 611,1-рэ къыIэрыхьащ, - жиIащ Лыхь Заур. - Апхуэдэуи республикэ бюджетым къыхуэнэну сом мелард 14-рэ мелуан 768-рэ къыхэхъуащ, ар 2014 гъэм еплъытмэ, процент 97,3-кIэ нэхъыбэщ. Бжыгъэр зэхэлъщ къэралым щIыналъэм къыхуигъэкIуа сом меларди 8-рэ мелуан 462-уэ, субсидиеу меларди 3-рэ мелуан 720,8-уэ, субвенцэу сом 1 меларжрэ мелуан 799,5-уэ. Иужьрейм и гугъу пщIымэ, ар проценти 100-кIэ гъэзэщIа хъуащ, псалъэм папщIэ, цIыху щхьэхуэхэм псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ ядэIэпыкъуным хухаха ахъшэр сом мелуан 450-м щIегъу, сабий ныкъуэдыкъуэхэм защIэгъэкъуэнымрэ сымаджэхьэлъэхэрхущхъуэкIэкъызэгъэпэщынымрэ, медицинэ IуэхущIапIэхэм зыхуей къахуэщэхуным сом мелуани 105,7-рэ текIуэдащ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министрым къызэрыхигъэщащ 2015 гъэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм сом мелард 19-м щIигъу текIуэдауэ къызэрабжыжар, УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэр гъэзэщIэным республикэ ахъшэу сом 1 меларжрэ мелуан 336-рэ зэрыхухахар. Нэхъыбэу республикэ бюджетыр нэгъабэ яхуэгъэзауэ щытащ щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, социальнэ Iуэхухэм. 2016 гъэм и щIышылэм хуэзэу къэрал кIуэцI щIыхуэр сом мелуан 796,3-кIэ хэхъуащ, бюджет кредитхэмкIэ - сом 1 меларжрэ мелуан 376,3-кIэ. Банкым къыIиха кредитыр сом мелуан 580-кIэ игъэмэщIащ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ 2014 гъэм елъытауэ нэгъабэ щIыналъэм и экономикэ щытыкIэр зыхэпщIэу нэхъ зэрефIэкIуар. Апхуэдэу валовэ щIыналъэ продуктыр сом меларди 132-м нэблэгъащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 13,3-кIэ хэхъуащ.

КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI **Марьяш Иринэ** къызэщIикъуэжащ 2015 гъэм IуэхущIапIэм зэфIигъэкIар. «Сом мелуан 952-рэ хъу бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпам и дэфтэрхэр ди IуэхущIапIэм щигъэхьэзырым, хабзэр 140-м щIигъукIэ къызэпаудауэ къыщIигъэщащ. Абы щыщу 15-р ехьэлIащ бюджет ахъшэу сом мелуан 257-м щIигъур зыхуаунэтIыпхъэмкIэ къызэрамыгъэсэбэпам. КъэпщытэныгъэхэмкъарикIуахэм ятепщIыхьмэ, нэрылъагъу хъуащ бюджет ахъшэр зезыгъакIуэ псори тэмэму я лэжьыгъэм зэрыкIэлъымыплъыр», - жиIащ Марьяш Иринэ. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ 2015 гъэм къэрал программэ 26-м КъБР-м ахъшэ зэрыхухихар. БжыгъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, ар сом мелард 27,3-рэ мэхъу.

КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI **Мишковэ Иринэ** жиIащ IуэхущIапIэм и хэхъуэр нэгъабэ сом меларди 6-рэ мелуан 266-м зэрынэсар, къигъэсэбэпыну зыхуеяр сом меларди 6-рэ мелуан 499-рэ хъууэ зэрыщытар. Мишковэм къызэрыхигъэщамкIэ, фондым и хэхъуэр 2015 гъэм къыхэкIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм игъэзащIэ «Къуажэ дохутыр» программэм къыдэхуауэ IуэхущIапIэм иритыжа ахъшэми нэгъуэщIхэми.

Налшык къалэм дэт поликиникэ №5-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Емуз Маринэ** жиIащ 2015 гъэм кърикубыдэу льготэкIэ цIыху 4.032-м я узыншагъэм зэрыкIэлъыплъар, сом мелуани 3-рэ мин 900-м щIигъу абы зэрытекIуэдар. «КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм нэгъабэ япэу зэтриублащ ахъшэ куэд зытекIуадэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм зэрахуищIэну Iэмалхэр. Псалъэм папщIэ, поликлиникэхэм пщIэншэу цIыхухэм КТ, МРТ щахудощI, абыхэм мы гъэм къахэхъуэнущ «дуплексное сканирование» жыхуаIэри. Апхуэдэ къэхутэныгъэхэм ахъшэ хухэзыхыр ОМС-м и щIыналъэ къудамэрщ. КъищынэмыщIауэ, поликлиникэм кIуэну хуей цIыхум ИнтернеткIэ зригъэтхыну Iэмал иIэ хъуащ», - жиIащ Емузым.

ЗэIущIэм щедэIуащ КъБР-м Федеральнэ налог IэнатIэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Лытневэ Наталье**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ**, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **КхъуэIуфэ Аслъэн**, Шэрэдж район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Акиев Махъты** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ХьэрычэтыщIэм и Iуэху дэкIыным теухуауэ

ХьэрычэтыщIэм и урысейпсо махуэм ирихьэлIэу Урысейм и бзылъхугъэ-хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и жэрдэмкIэ бизнес зэхуэс Налшык щрагъэкIуэкIащ.

АБЫ и къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэр хьэрычэт Iуэхум зэрыхэзэгъэн Iэмалхэм щыгъэгъуэзэнырщ, Iуэхум и хэкIыпIэри хыхьэпIэри ябгъэдэлъхьэнырщ, зи щIалэгъуэхэр бизнесым трагъэгушхуэнырщ.

Урысейм и Бзылъхугъэ-хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Ефэнды Ритэ** къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ Iуэхур къадэзыIыгъахэу КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм, Налшык къалэ округым и щIыпIэ самоуправленэм, «Физкультурэ. Узыншагъэ. Спорт» жылагъуэ фондым.

- Сыщогугъ дяпэкIи дызэдэлэжьэну, ди Iуэхухэр зэгъусэу дгъэкIуэтэну. ХьэрычэтыщIэм и урысейпсо махуэм къызэдгъэпэща зэхыхьэм къыфхуэщхьэпэн цIыху фыщрихьэлIэну, сэбэп къыфхуэхъун Iуэху еплъыкIэ, псалъэмакъ щызэхэфхыну дыщогугъ, - жиIащ Ефэндым. Ар ХьэрычэтыщIэм и махуэр къызэрежьам, абы ирихьэлIэу ди къэралым зэIущIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, мастер-классхэр зэрыщрагъэкIуэкIым тепсэлъыхьри, я мыхьэнэр зэрыиныр къыхигъэщащ.

- Сынывохъуэхъу творческэ ехъулIэныгъэ фиIэу, бизнес мурадхэр къывэхъулIэу, фи зэфIэкIым хэхъуэу фыпсэуну, - захуигъэзащ Ефэнды Ритэ къызэхуэсахэм.

ЗэIущIэхэр

- Урысей Федерацэми ди республикэми я экономикэр хьэрычэтыщIэхэм куэдкIэ елъытащ, - жиIащ Налшык къалэ и ХьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **ГуэбэщIыкI Жантемыр**. - КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ, Налшык къалэ и хьэрычэтыщIэхэм къабгъэдэкIыу сынывэхъуэхъуну сыхуейщ ехъулIэныгъэ фиIэу, къэвлэжьым берычэт хэлъу фи Iуэху ефIэкIуэну. Къыхэзгъэщыну сфIэигъуэщ хьэрычэт Iуэхур егъэфIэкIуэнымкIэ ди республикэм лэжьыгъэ куэд зэрыщызэфIахыр. Пэжщ, ныкъусаныгъэ, лъэпощхьэпо куэдым дрохьэлIэ, ауэ ахэри нэхъ мащIэ хъуну дыщогугъ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIигъэкIыр къыхэзгъэщыну сыхуейт. ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ, хьэрычэтыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ диIэщ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр бизнесым хэтым и Iуэхухэр дэгъэкIынырщ, абы зыщIэгъэкъуэнырщ. УщымыгуфIыкIыу къанэркъым зы илъэсым нэхърэ адрейм хьэрычэтыщIэхэм къэралым ярит дэIэпыкъуныгъэм зэрыхэхъуэм. Хуабжьу сыщогуфIыкI зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэ дызэрикуэдым. Ар къэкIуэну дахэм и лъабжьэщ.

Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Алэкъей Арсен** хьэрычэтыщIэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъу псалъэхэм къыщеджащ зэIущIэм.

Сату-промышленнэ палатэм и мыхьэнэм, абы и сэбэпынагъым теухуа нэтын кIэщI щагъэлъэгъуащ зэIущIэм. XIX лIэщIыгъуэм къызэрагъэпэщауэ щыта палатэм иджы федеральнэ мыхьэнэ иIэ хъуащ. Бизнесым къыщхьэщыжу, и хуитыныгъэхэр ихъумэу къудами 100-м нэблагъэ иIэщ абы.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Канунниковэ Татьянэ** къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ:

- Пэшым зи щIалэгъуэ куэду зэрыщIэсым сыщогуфIыкI. Си фIэщ мэхъу мыпхуэдэ зэIущIэхэр хьэрычэт Iуэхум хэт ныбжьыщIэхэм къазэрыхуэщхьэпэнур.

Ефэнды Ритэ зэрыжиIамкIэ, ХьэрычэтыщIэм и махуэр хабзэ дахэ яхуэхъуу илъэс къэс ягъэлъэпIэну я мурадщ. Ар сэбэпщ хьэрычэтыщIэхэр я Iуэху еплъыкIэкIэ, чэнджэщкIэ, зэфIэкIкIэ зэдэгуэшэнымкIэ, абыхэм я ехъулIэныгъэхэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

Ерджынокъуэ Хьэбий и унагъуэ дахэр

Жыыщхьэ махуэ

Кэнжэ къуажэ дэс Ерджынокъуэхэ иджыблагъэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхыхьэр а лIакъуэм щыщ Айтэч и къуэ Хьэбий илъэс 90 щрикъуа махуэм ирырагъэхьэлIат. Ар унэщIэ тхьэлъэIууи щытащ.

КЪУХЬЭПIЭ лъэныкъуэмкIэ щыIэ джабэ нэкIум зыщызыубгъуа жыг хадэм егъэщIылIа щIапIэ дахэшхуэм и гупэм къыщыхутэ цIыхухэм бысымхэр гуапэу къаIущIэрти, куэбжэ зэIугъэзамкIэ пщIантIэ зыкъизыхым дашэрт. Иджырей мардэхэм къитIасэу зэфIагъэува ухуэныгъэ абрагъуэм хащIыхьа унэ кIуэцIышхуэм хьэщIэ псори иджыри къыщызэхуэсатэкъыми, ар къэдгъэсэбэпри, махуэр щхьэусыгъуэ зыхуэхъуам и ныс Ксение зыхуэдгъэзащ.

- УнэщIэ тхьэлъэIумрэ тхьэмадэм и махуэмрэ зэредгъэхьэлIэным куэд щIауэ дыщIэхъуэпсырт, - жиIащ абы. - Гуащэ-тхьэмадэр илъэс 62-кIэ зэдэпсэуащ. ИгъащIэм псалъэ жагъуэ зэжраIакъым, фIыуэ зэрылъагъуути щытащ. «Благъэхэр дгъэгушхуэнщ, зэхэдгъэплъэнщ» жытIэри, нобэрей пшыхьыр дублащ. Тхьэмадэр цIыху гуапэщ: къуэрылъху-пхъурылъху къыхуэкIуэжхэм сыт щыгъуи яхуэгуфIэу, яхуэIэфIу апхуэдэщ. Иджыри диущийуэ, ди бынхэр зэрыдгъасэм кIэлъыплъу, илъэс куэдкIэ Тхьэм къытщхьэщигъэт!

Ксение депсэлъэху, тхьэлъэIум къекIуэлIахэр пэшышхуэм щIашащ - нэхъыжьхэр жьантIэмкIэ ягъэтIысащ, мыдрейхэр лъэныкъуитIымкIи егъэувэкIа Iэнэ нэхъ цIыкIухэм бгъэдашащ. ИтIани, пшыхьым щIрагъадзэртэкъым. «Сыту пIэрэ къызыхэкIыр?» жытIэу дыщыщIэупщIэм, къыджаIащ тхьэлъэIур зыпэплъэжыр Хьэбий дзэм къулыкъу къыщыдэзыщIауэ щыта, нобэми ныбжьэгъуфIу къыдекIуэкI, Сэрмакъ къуажэ дэс Къаскъулхэ ПIатIэу зэрыщытыр.

А хъыбарыр къытхуэзыIуатэм и кIэм нигъэсагъэнтэкъым, «нэшхуэгушхуагъэ иным зэщIиIэтэрэ мыр?» хужыпIэну, ныбжьыфI зиIэ лIы хэщIыхьа гуэр, и гъуэгуэгъухэр дэщIыгъуу, пэш бгъуфIэшхуэм къыщыщIэхутам.

Иужьым зэрызэхэтхыжамкIэ, Ерджынокъуэхэ Хьэбийрэ Къаскъулхэ ПIатIэрэ илъэси 4-м щIигъукIэ КъуэкIыпIэ Жыжьэм, нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, Камчаткэ хытIыгуныкъуэм зэдэщыIащ. Пшыхьым къекIуэлIахэм ягъэщIагъуэрт Хьэбий а лъэхъэнэм къэкIуэжыну хуит къащIа пэтми, мыдэкIэ щхьэгъуси зэриIэу, ПIатIэ къыщаутIыпщыжыным пэплъэу, а щIыпIэ жыжьэм иджыри мазищ енкIэ зэрыщыIэжыфар.

ГъащIэм декIур лIыфIщ

Ерджынокъуэ Хьэбий 1926 гъэм накъыгъэм и 5-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Ар унагъуэм къихъукIа сабиихым я нэхъыщIэт. Зауэ нэужь лъэхъэнэр гъаблэу, цIыхухэм яшхын ямыгъуэту къекIуэкIами, ныбжьыщIэ псоми хуэдэу, Хьэбий зэраншут, джэгун фIэфIт, абы къыдэкIуэуи, узыншэ цIыкIуу, нэшхуэгушхуэу къэхъурт. ЩIалэщIэр зэманым ипсыхьащ, псэкIэ балигъ дэхъуащ, ери фIыри зэхицIыхукI ищIащ, а псом къадэкIуэу, губгъуэ лэжьыгъэми, унагъуэ Iуэхуми, еджэнми хэзагъэрт, нэхъыжьхэр арэзы зэрищIыным яужь итт. ИтIани, унагъуэр дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэти, школым, адэкIэ щеджэж мыхъуу, 7-нэ классыр къызэриухыу, къыщIэкIыжауэ щытащ.

Хьэбий и ныбжьыр илъэс 15 фIэкIа мыхъуами, къэхъея зауэм и адэм нэмыщI и къуэшиплIри щыхэкIуадэм, цIыхухъу нэхъыжьу къэнар арати, и шыпхъу Гуащэзилэ зыщIигъури, бын цIыкIу защIэу и анэкъылъхухэм къащIэнар а тIум зыхуей хуагъэзащ.

И ныбжьыр илъэс 16 фIэкIа мыхъуу, Хьэбий 1943 гъэм «Кэнжэ» колхозым лэжьэн щыщIидзащ. 1947 гъэм абы фыз кърагъэшащ. Щхьэгъусэ хуэхъуар и къуажэгъу нэхъыжьыфI ХьэхъупащIэ Хьэбалэ ипхъу Марусэт. 1949 гъэм Хьэбий дзэм дашащ. ИлъэсиплIкIэ абы къулыкъу щищIэри, 1953 гъэм и унэ къигъэзэжащ. Куэд дэмыкIыу, Хьэбий къуажэ фермэм и унафэщIу ягъэуври, абдежым жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ, кърихьэжьа Iуэхур и кIэм нэзыгъэс, еш жыхуаIэр зымыщIэ лэжьакIуэшхуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ.

Iуэхум хуэIэижь щIалэм колхоз унафэщIхэм гу къылъатэри, ар Налшык дэт мэкъумэш техникумым щеджэну ягъакIуэ. 1955 - 1957 гъэхэм абы щIэныгъэ щызрегъэгъуэтри, «жыггъэкI-хадэгъэкI» IэщIагъэр иIэу къуажэм къегъэзэж. 1957 - 1972 гъэхэм «Кэнжэ» колхозым и бригадир-хадэгъэкIыу мэлажьэ.

Зыпэрыт IэнатIэр къызыхуэтыншэу икIи хьэлэлу зэририхьэкIым къыпэкIуэу, Хьэбий а илъэсхэм мызэмытIэу ЩIыхь тхылъхэр кърататщ. Ахэр колхоз унафэщIхэм, рескомым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къабгъэдэкIащ. И лэжьыгъэм хъарзынэу зэрехъулIэр къалъытэри, Хьэбий Мэзкуу дэт ВДНХ-ми ягъэкIуауэ щытащ. Абдежым щекIуэкI зэпеуэхэм ящыщ зым текIуэныгъэ къыщихьащ, ЩIыхь тхылърэ домбеякъ медалри къыщыхуагъэфэщащ.

Хьэбий нэгъуэщI тыгъэ лъапIэхэри иIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Илъэс куэдкIэ и лэжьыгъэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтам папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Унагъуэм лъакъуибгъу щIэтщ

Пшыхь-зэхыхьэм цIыху куэд къекIуэлIат. Абыхэм яхуэпщэфIари, Iэнэхэр зыхуей хуззыгъэзари ЛампIэжь Лерэ зи унафэщI «Ридадэ» ООО-м щылажьэхэращ.

- Хьэбийрэ абы и щхьэгъусэу щыта Марусэрэ фIыуэ къэзымылъагъу мы жылэм дэсауэ къыщIэкIынкъым, - щыжиIащ Налшык къалэ къуажэ администрацэм и унафэщI ПщыноковIэ Олег, ар къызэзыгъэпэщахэм защыхуигъазэм. - Фи унагъуэ дахэр щапхъэ зытрахым хуэдэу сытым щыгъуи къекIуэкIащ. Уи лэжьыгъэкIэ, Хьэбий, дунейм и пхъашэгъуэу ирихьэлIэри, уипсыхьат. Нобэ пIуэтэжащи, уи насыпщ! Уэ пхуэдэ ди жылэжьыр Тхьэм щимыгъэщIэкIэ!

Ерджынокъуэм и гъащIэ псор епхащ къыщалъхуа, къыщыхъуа къуажэм. «Псым и жапIэр езым къегъуэтыж», - жаIэ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, Хьэбий ящыщщ зи гуащIэ хьэлэлкIэ, цIыху хэтыкIэ дахэкIэ гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыдахэм. КъызэринэкIа илъэсхэм а псор хыболъагъуэ. Ерджынокъуэр яхэтащ, республикэм щыцIэрыуэ еджагъэшхуэ, профессор Лучков Пётр и къуэу, Кэнжэ и Iэтгъуэблагъэ джабэ нэкIухэм пхъэщхьэмыщхьэ зэрыщагъэкIыным и технологиер зыгъэхьэзырахэм. ЯпэщIыкIэ, абыхэм 1966 гъэм гектар 25-м жыгыщIэхэр щагъэтIысащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситхум жыг хадэхэр гектар 540-м нагъэсащ. Хасауэ щытахэр цIыхуищэрэ блыщIым зэрахьами, къехьэлIэжыгъуэм минрэ щитхур пэлъэщ къудейт.

ГуфIэгъуэм щыхъуэхъуа псоми - Ерджынокъуэхэ (Уэрджынокъуэхэ) я лIакъуэм щыщу нэгъуэщI жылэ къикIахэми, я благъэхэми, я гъунэгъухэми - къызэдыхагъэщащ зэхыхьэ екIу къызэзыгъэпэща зэщхьэгъусэхэм, Хьэсэнбийрэ Ксениерэ, гъунэгъуи-жэрэгъуи зэрызэхагъэплъэжамкIэ псапэшхуэ къызэрахьар, фIыщIэ ин дыди къызэралэжьыр.

ТхьэлъэIур ягъэбжьыфIащ республикэм фIыуэ къыщацIыху, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу ХьэхъупащIэ Амырхъанрэ Хьэкъул Оксанэрэ. ЯгъэзэщIа уэрэдхэмрэ я гъусэу къэкIуа щIалэхэм ягъэIуа лъэпкъ макъамэхэмкIэ къызэхуэсахэр абыхэм ягъэгуфIащ.

Пшыхьым къеблэгъахэм яхэтащ тхыдэтх, мы зэманым Мэзкуу къалэ щылажьэ, ди лъэпкъым и блэкIар абы щыIэ дэфтэр хъумапIэхэм кууэ къыщызыулъэпхъэщыж щIэныгъэлI Сокъур Валерэ.

- Уи фIыщIэкIэ дызэхуашэсри, дыгуфIащ, - жиIащ абы, нэхъыжьыфIым зыхуигъазэри. - Къэралым и щыхьэр Мэзкуу Iуэху щызыщIэхэм къахэжаныкIхэм ящыщщ уи къуэ Хьэсэнбий. Нобэрей Iэнэр, Хьэбий, укъыщалъхуа махуэм ирырагъэхьэлIащи, ар къызэзыгъэпэщахэми уэри фIыгъуэшхуэр Тхьэм къыфхуищIэ!

Дэ, пшыхьым и кIэм иредгъэхьэлIэри, Хьэбий и къуэ Хьэсэнбий делъэIуащ и адэм теухуауэ псалъитI-щы зэхыдигъэхыну.

- Си цIыкIугъуэм къыщыщIэдзауэ, Iуэхум сызэрыхущытын хуейм теухуауэ си адэр сэркIэ щапхъэщ. Пщэдджыжьым сэ сыжейуэ ар жыыуэ дэкIырти, пщыхьэщхьэм сыгъуэлъыжауэ къыдыхьэжырт. Мазэ псокIэ и нэгу сыщыщIэмыплъи къэхъурт. Ауэ, мазэмазитIым зэ, тхьэмахуэу ирыригъэхьэлIэнти, зигъэзэхуэж хуэдэу, къалэм къыщыдигъэкIухьынт. Зэгъусэу хьэмэмым, иужькIэ кином дыкIуэрт. Абы кIэлъыкIуэу, «Россия» хьэщIэщым хэт шхапIэм сишэрт. Иджыпсту хуэдэу си нэгу щIэтщ, сыцIыкIуу, тепхъуэ хужь зытелъ Iэнэм, ар мобыкIэ сэ мыбыкIэ, дыбгъэдэсу зэрыщытар. Езым коньяк кърigъэщтэнти, сэ псыIэфI къысхуихьынт, шхын къахьари зэдэтшхынт... Апхуэдэу дахэу икIи гукъинэжу махуэ псор ирызигъэхьэкIырт. СощIэж, къыздэткIухьым, и цIыхугъэ е и ныбжьэгъу гуэр къыхуэзамэ, адэмрэ абырэ псалъэ гуапэ зэжраIэу зэрыщытахэри. Абы щыгъуэ къекIуэкIар, Iэнэ тепхъуэ хужьым сызэрыбгъэдигъэсар IэфIу сигу къинащ, ноби ди адэр апхуэдэу къытхуэгумащIэщ.

И ныбжьыр нэсу тIысыжыху, Ерджынокъуэ Хьэбий еш ищIакъым, и псэр фIым хуэгъэпсати, кърагъэза дзыхьыр фIэлъапIэу зыпэрыта IэнатIэр ирихьэкIащ. IуэхушхуэкIэ гъэнщIа гъащIэ дахэ къызэхъулIа тхьэмадэр илъэс 90 ирикъуащи, и лъэпкъымрэ къепщIэкIа и благъэхэмрэ яхуэузыншэну, дяпэкIи къыхузэпищэну ди гуапэщ!

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Гу зылъытапхъэ

«ДыгъафIэ къалэм» ирагъэблагъэ

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм 2016 - 2017 гъэ еджэгъуэм 7 - 11-нэ классхэм щIэс цIыкIухэр ирегъэблагъэ «ДыгъафIэ къалэ» лицейм. НыбжьыщIэхэм абы зыщагъэсэн папщIэ, лъэIу тхылъ ятын, иужькIэ зэрыщIэтIысхьэ тестхэр ящIын хуейщ. Экзаменхэр мы гъэм мыпхуэдэ пIалъэхэм ятынущ:

7-нэ классым щIэсхэм: урысыбзэр, математикэр - мэкъуауэгъуэм и 17-м;

8-нэ классым щIэсхэм: урысыбзэр, математикэр - мэкъуауэгъуэм и 18-м;,

9-нэ классым щIэсхэм: урысыбзэр, математикэр, езыхэм къыхахауэ зы предмет (физикэ, химие, биологие, информатикэ) - мэкъуауэгъуэм и 19-м;

10-нэ классым щIэсхэм: урысыбзэр, математикэр, езыхэм къыхахауэ зы предмет (физикэ, химие, биологие, информатикэ) - мэкъуауэгъуэм и 24-м;

11-нэ классым щIэсхэм: урысыбзэр, математикэр, езыхэм къыхахауэ зы предмет (физикэ, химие, биологие, информатикэ) - мэкъуауэгъуэм и 20-м.

Къэпщытэныгъэр щекIуэкIыну лицейм и хэщIапIэр: Налшык къалэ, ЕтIуанэ Таманскэ дивизэм и цIэр зезыхьэ уэрам. Экзаменхэм щIидзэнущ сыхьэт 11-м.

Iуэхум нэхъыфIу зыщызыгъэгъуэзэну хуей дэтхэнэри псалъэ хъунущ **8-928-079-55-2**0 номерымкIэ. Хъыбархэр къыщыпщIэфынущ **www.edukbr.ru** сайтми.

КУРПЫГЪУ Синэ.

УФСИН

Тутнакъэщми нэчыхь щатх

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ изолятор №1-м унагъуэщIэм и нэчыхь щатхащ.

ИЛЪЭС 28-рэ зи ныбжь тутнакъ щIалэмрэ абы и нысащIэмрэ я нэчыхьытхыр къызэрыгуэкIыу екIуэкIащ, хьэщIи, макъами, удз гъэгъаи щымыIэу. Абыхэм я щыхьэту щытахэр тутнакъэщым и лэжьакIуэхэрщ. ЗАГС-м и IэщIагъэлIым нэчыхьыр яхуитхри, тхылъыр яритыжащ.

- Апхуэдэ Iуэхур щхьэпэщ хабзэм ебэкъуа цIыхур унагъуэми, Iыхьлыхэми, жылагъуэми нэхъ псынщIэу яхэзэгъэжынымкIэ, - жеIэ УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ Къанкъул Аслъэн.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Дн псэлъэгъуэхр

Пкъутэну тынщ, бухэну гугъуф

«Къухьэпіэм и пІэм сыкъихутамэ, сэри сыхуеинутэкъым Урысейм хуэдэ ныкъуэкъуэгъу», - жеІэ кинорежиссёр Шахназаров Карен.

Іэрыгъэтэджыр къотэджыж

Мы зэманым дэ дунейм апхуэдизу лъэщу къыщыттракъуэзри, пльэмыкІыу уогупсыс: Къухьэпіэр хущІокъу и ныкъуэкъуэгъу къарууфІэр экономики политики я лъэныкъуэкІэ лъэрымысь ищІыну. Зыми къару тригъэкІуэдэнукъым къаруунщэм. Дэ СССР-м и зэманым дыззрыщытам хуэдизу къэмыІэнджэж дыхьужыну пІэрэ? А упщІэми нэгъуэщІхэми жэуал ярет режиссёр Шахназаров Карен:

- 90 гъэхэм Іэрыгъэтэдж хъуаэу щыта Урысейр, пэжу, псынщІэ дыдэу къызэфІоувэж. Абы къыхэкІыу ди къэралыр хущІокъу хъуащ езым и сэбэп зыхэлъ гуэрхэр дунейм щыпхигъэкІыну. Арщхьэкіэ Къухьэпіэр хуейкъым дэ лъэщу дыщытыну. Ауэ сэ абы телъыджэ гуэри хэслъагъуэркъым: Къухьэпіэм и пІэм ситамэ, сэри сыхуеинутэкъым апхуэдэ ныкъуэкъуэгъу. Сыгъат зэрысщІынур *(мэздихьэшх)* Іъэщагъыщхъэ зыбгъэдэлъ къэрал абрагъэр? Къухьэпіэм тетыгъуэр щызыІыгъхэр зыщышынэр пщІэдей дытеуэныркъым, атІэ къаруушхуэ дыззриІэрщ. КъарууфІэр зыгъэркІэ нэхъ къаруушэ ящІыну сыт щыгъуи хущІокъуэхр. Тхыдэм дриплъэжмэ, дэри долъагъу езым и ныкъуэкъуэгъуэхр иридуныну Урысейри куэдрэ зэряхущІокъуар.

- Уэ иджыпсту жыпІар, Карен, зигу иримыхьыныгъэр мащІэкъым. Ди цІыхухэм хапщэ гупсысэхэри СМИ-хэм дызыщрихьэлІэри зыщ: Урысейр къекІуэкІащ езым зихъумэж зэпыту. Уэ жыбгІэ дэри «ди Іыхьэ тІыгъыжу».

- Апхуэдэущ гъащІэр зэрыухуар! Псалъэм и хьэтыркІэ, зауэ щІыІэм и зэманым дэ дихъущІокъуащ ди ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу щыт Штат Зэгуэтхэр лъэрымыхь тщІыну. США-р Вьетнамым щыщыкъуам дэ Вьетнам Ищхъэрэм дыдэІэпыкъуащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ дэ лъэрымыхь тщІырт ди ныкъуэкъуэгъу Америкэри. ИкІэм-икІэжым ар абы хьэбэсабэу къыщыхагъэщІащ.

Аращ къэралхэм яку дэлъ политикэ бэнэныгъэ хъужри. Апхуэдэущ дунейр зэрыщытыр. Ауэ ди либералхэм ар щызэхахкІэ зыкъратІэ: «Уэ Къухьэпіэм урибийщ, Къухьэпіэр ди бийуэ къыщыпльытэкІэ». Языныкъуэхэм деж хуабжьу сфІэтелъыджащ абыхэм я Іуэху еплъыкІэр: Къухьэпіэр хуейкъым дэ лъэрымыхь дищІыну. Ауэ сытми хуей! Мыбдежым фІэкІыпІэ зимыІэу щыткъым Къухьэпіэм Урысейр зэхикъутэну и мурадынкІэ. Ауэ си гугъэщ Урысейр лъэлъэжмэ, Къухьэпіэм и гуапэ хъуну. Абыхэм я дежкІэ ар нэхъ тыншу икІи нэхъыфІу щытынт. Ауэ дэ ди мурадхэр нэгъуэщІу! Дэ къыдольытэ тхуэфащэ увыпІэ дунейм щытІыгъын хуейуэ. Дэ диІэщ ди къэралым и сэбэп зыхэлъхэр.

Дыхуеймии дыхуэмеймии

- Уэ иджыпсту и гугъу пщІащ Вьетнамым дыззрыдэІэпыкъуам. Абы занщІэу дигу къегъэкІ Сириер...

- Сэ сыщогуфыкІ Урысей Федерацэм Сириемкъыщыхьа текІуэныгъэхэмрэ екъуІэныгъэхэмрэ. Къэрал абрагъуэу щыт Урысейр, дыхуеймии дыхуэмеймии, геополитикэ бэнэныгъэм хэмыту хъунукъым. Арыншамэ, ар къызэтещхэнщ.

Дауи, дэ дыщыІэн хуейщ щІыдагъэ, газ гъэтІылъыгъэхэмкІэ къулей Къуэкъ!пІэ Гъунэгъум. Абыхэм ящІыгъуж и щІынальэри ди ипщэ гъунапкъэхэм къызэреуэлІэр. Абы къыхэкІыу Урысейр Сирие Іуэхуэм хэмытынкІэ Іэмал зимыІэщ. «Сыт абыхэм дащІыхэпщкъэр?» жызыІэхэр щыІэщ. Ауэ политикэр гъащІэм хуэдэщ: уэ зыри умыщІэмэ, уи Іуэху къикІыркъым. ЩыпІэ псори къэбгъанэмэ, а щІыпІэхэм нэгъуэщІхэр къыщоухуэ. ИтІанэ уи дежи къэсынкІэ хъунущ! Аращи, си щІыналъэр Азиеми Европэми къыдыдэ къэрал абрагъуэр дунейм щекІуэкІ Іуэху псоми хэтын хуейщ.

Ауэ нэгъуэщІ Іуэху еплъыкІи щыІэщ. Си цІыхугъэхэм яхэтщ мыпхуэдэу жызыІэхэр: «Дэ дыхуейкъым къэралышхуэ. Урысейр лъэлъэжмэ, нэхъыфІу дыпсэунущ». Аэхр цІыху губзыгъэхэщ, епцІыжакІуэхэуи къэслъыитэ зъныукъым, мыпхуэдэуи йогупсыс: сыт апхуэдизу ин къэрал зэрытщІынур? Нэхъ цІыкІу хъумэ нэхъыфІщ. Іыхьэ-Іыхьэу зэхэкІмэ, Бельгием, Швейцариям я цІыхухэм хуэдэу дыпсэунущ, Арщхьэкіэ псори зытещІыхьар мыращ: Урысейм лъэлъэн щІидзэмэ, сэ шэч къытызохьэ иджырей зэманым абы щыпсэухэм ящІыщу зыгуэр псэууэ къэнэнэм. Ядерно Іэщэхэр зи хуэдэ къэралышхуэр зэкІэщІэкІмэ, дуней псор къэзгъэнкІэ хъунущ!

- Пэжу, сэри шэч къытызохьэ Урысейр лъэлъэжмэ, абы щыщ Іыхьэхэр Бельгием хуэдэу псэуным...

- Аращ Іуэхур зыІутыр! Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Бельгием емыщІыхьу, иджы Сириеи щыщыІэ щытыкІэм итущ зэрыпсэунур. Къуэкъыпіэ Гъунэгъуэм къыщыхъухэр къыкъуэкІынущ. Абы къыхэкІыу сэ дызоІыгъ Путиныи иригъэкІуэкІ политикэм и купщІэ нэхъыщхьэр - къэралыр къызэтенэныр. Дэ ди нэгу щІэкІакІэщ 90 гъэхэм къэхъуахэмрэ абыхэм я Іэужьхэмрэ. А псоми къытрагъэзэжкІэ хъунущ, ауэ хуабжьу нэхъ гуащІэу.

«ЙокІуэкІ зыгуэрурэ»

- Уэ жыпІащ Урысейр аргуэру къэрал лъэщ дыдэ хъуну. Абы щыгъуэми щІыкІуэм гукъыдэжкІэ пІэкъым.

- Сэри сольагъу къыпІэн куэд къызэрытпощытыр. Ауэ икІи сольагъу иужь ильэс 25-м Урысейм къиха екъуІэныгъэ ин дыдэхэри... Пэжщ, дэ десащ псори фІыщІэу тлъагъуу. Ар урысхэм я дуней тетыкІэщ. «Уи Іуэхуэхэр сыт хуэдэ?» жыпІэрэ американым уеупщІмэ, «ФІы дыдэщ» къыбжиІэнущ, ауэ урысым и нэхъыфІыщкъи, жэуапу куэутыжьфынур мыращ: «ЙокІуэкІ зыгуэрурэ».

Сэ къэралыр къызэхъэзыгокІуэх икІи сольагъу Совет Союзым елытатуэ фІы и лъэныкъуэкІэ куэдым зэрызихъуэжар. Тулэ сыкъыщикІыжым тыкуэнхэу, бззэрхэу слъэгъуащ щІэи гъуни иІэтэкъым. Сытри щыбгъуэтынущ, сыт хуэдэ Іуэхутхьэбзэри къыпхуащІэнущ...

Пэжщ, совет лъэхъэнэм заводхэмрэ гъуэгуэхмрэ зыухуар комсомолец псэемыблэжхэрщ, иджырей тыкуэнхэр нэхъыбэу къызэІузыхэхэр, нэхъ щабэІуэу жыслІэнщи, бзаджащІэхэм къахэкІахэрщ. Ауэ абыхэм зыгуэр ящІащ. Москва 90 гъэхэм зэрыщытар пщІэжрькъэ? Иджы ар зи дахагъкІэ, кулеягъкІэ европей щыхьэр куэдым ефІэкІ къалэ нэхущ. Дэ ильэси 10-15-кІэ зыдужьын хуейщ. ПсынщІэ дыдэу сытри пхуэкъытэнущ, ауэ бухуэн папщІэ зэман хуейщ...

ШАБЛИНСКАЯ Ольгэ.
«Аргументы и факты».

● Экономикэ

Сыт Америкэр щІигъэунэр?

Гъатхэпэ мазэм США-м и президент Обамэ Барак аргуэру зы ильэс ипІалъэкІэ игъэІэпэхъуащ Урысейм къыхуигъэува санкцэхэр. Унафэм и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр къухьэпІэ щІыхуэхэм дыпЛамыгъэІэсынырщ, ди къэралыр къулейсыз щІыныщ. Аращ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я къэрал департаментымрэ казначействэмрэ уриубгъуэ къамыщхуну США-м и банк нэхъ ин дыдэхэм щІыхуагъэлъэгъуар (нэхъ щхьэтечу жыпІэмэ, унафэ щІыхуащІар).

Абы щыгъуэми езы Урысейм аргуэру хигъэхъуащ американ облигацэхэу къыщІохур зыхуэдизым - трежерискІэ зэдзэм: щэкІуэгъуэм доллар меларди 6, дыгъэгъаз зм доллар меларди 4,1-рэ, щЫшышлэм доллар меларди 4,8-рэ къыщІэхуащ (псори зэхэту доллар мелард 96,9-рэ мэхъу). Арщхьэкіэ доллар меларди 3 къудей американ банкхэм хилъхьэну ди Минфиныр щыхуежьам, къэрал департаментым къигъэлъеящ.

Мис апхуэдэущ Урысейм и финанс властхэм иращэкІуэкІ политикэ тельъыджэр. Къэралым ахъшэр къыщемэщІэкІ зэманым доллар мелардхэр хы адрыщІ зэпраш, ди бийуэ къэувынкІэ хъунум и экономикэм халъхьэ. Іуэхур зыІутыр къыдгуригъэІуэну дэ дельэІуащ Глобализацэм ехьэлІа къалэнхэмкІэ институтым и унафэщІ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Делягин Михаил.

УвыІэпІэ тынш

- Михаил, къэІуІэ къыджеІэт трежерисыр зищІысыр.

- Аращ зэрреджэ США-м щІыхуэхэмкІэ и пщэ дилъхьэж къаІэнхэм. Зэбдзэкімэ къоКІ «фІыгъуэ», «казна». Нэхъ мыхьэнэ зиІэр пІалъэкІэ кІыхь (ильэси 10-м къыщыщІэдзауэ 30-м нэс, нэхъыбэм деж ильэс 20-м нэс) облигацэхэрщ. «Трежерис» жыхуаІэжри аэрращ. Трежерисым и лІэужьыгъуэ псори етІуанэрэй рокъи абрагъэущ.

- Сыт щхьэкІэ?

- США-м тепщэныгъэр зэрилъыгъым, апхуэдизу и рынокхэм зэрызаужьам къыхэкІыу трежерисыр зэи укъэзыІмыгъэпІэнщ. Аэхр я гуапэу сакъыпІэту Іах кредит лІэужьыгъуэ псори ирищІагъэбыдэн папщІэ. США-м и правительствэр шэсыпІэ иоувэ щІыхуэ къызыІыха псоми, мащІэми, процент гуэр жыщхьэщитыкІыну (иужь ильэсхэм процент 0,25-м къыщыщІадзауэ процентэ 3-м нэс). Зэрыщыту къапщтэмэ, фейдэуэ къыпІыкІыр мащІэщ икІи долларым и инфляцэр къэпльытэмэ, халъхьа ахъшэхэм я пщІэр йохуэх. Арщхьэкіэ тхылъымпІэ лъапІэхэр хъума зэрыхъум къыхэкІыу къэралхэр трежерисым дехьэх - дуней псом езыхэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къыщамыгъэсэбэп ахъшэхэм я дежкІэ увыІэпІэ тыншщ. Абыхэм я щІэупщІэм хохъуэ кризис хьэлъэм зэрызыубгъум, щІыпІэ-щІыпІэхэм лъы зэрыщагъажьэм къыхэкІыу, ауэ къат фейдэр йохуэх.

2006 гъэм мэхъуауэгъуэм и 1-м ильэси 10-м тещІыхьа облигацэхэм («бондхэм») зы илъэсым хохъуэу процентэ 5,145-рэ къапэкІуэу щытамэ, 2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м зэрыхъужар процент 1,881-рэ къудейщ.

- КІэлейкІэ бжыгъэщ!

- Аращ. Ахъшэ зэрыхэтІыхьэм щхьэкІэ дэ къытІэрыхьэр мащІэ дыдэщ.

- АтІэ, хэхъуэшхуэ къыщыІэрымыхьэкІэ, сыт Урысейм а тхылъымпІэхэм ахъшэ щІыхилъхьэр? Абы щыгъуэми, езы Минфиныр хущІокъу меларди 3 къудей къэрал щІыбым къыщигъэтыну, ауэ хуэзфІэкІыркъым.

- Трежеристу ахъшэ халъхьэ Минфини Урысейм и банкми. Резерв фондым и процент 45-р США-м телъ къэрал щІыхуэм хэзыгъэхьа Минфиным трежерисым хуиутІыпщ ахъшэр егъэмащІэ, бюджетыр зыхущІэр иригъэжьужьи мурадкІэ. Урысейм и Банкым трежерисыр ещІэ и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр мащІэ щыхъухэм деж, ауэ ахэр нэхъыбэ зэрыхьужу куэду къещэхуж. Абы къыхэкІыу тхылъымпІэ лъапІэу къаІэрыхьэм хэзыгъэхъуэр Минфиныркъым, атІэ Урысейм и Банкырщ.

Къуимытыжьынкіэ хъунущ

- Іэщіагъэлі куэдым къалъытэ мелардхэр хы адрыщІ зэрашэм ди экономикэр лъэрымыхь ищІу.

- Дауи, ещІ. А ахъшэхэр ирахьэлІэ хъунущ псэуныгъэм егъэщІылІа Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным, егъэджэныгъэмрэ зэрыныгъэр хъумэнымрэ ятеуэхуа Іуэхуэр гъэтэмэмыным, сабийхэр гъэхъуэкъуным, улахуэхэр тынм... Ауэ ахэр экономикэм хагъэкІ, абы къыхэкІыуи ахъшэ къаймощІэкІынир къагъэхъу. Инфляцэм улъэщІмыхьэу зричынкІэ къызыхэкІри мис а къагъэхъуа апхуэдэ щытыкІэрщ. Аращи, экономикэр зыгуэркІэ даІыгъын папщІэ къэнэжьыр зы Іэмал закъуэщ - девальвацэрщ. Абы и зэранкІэ нэхъ лъапІэ мэхъу нэгъуэщІ къэралхэм къыщащхьэхуэр (ар иджыри куэд дыдэщ), цІыхуэр мэгужьей, къулейхэр трегъэгушхуэ уасэхэр драгъэкІуеиным.

- ІэщіагъэлІхэм нэгъуэщІ тегъэщІапІи ящІ - Китайми, Япониеми, Инджылызми трежерисым мылъку халъхьэ. АтІэ Урысейр нэхъыкІэ?

- Абыхэм я экономикэхэр зэтеухуащ, США-м и тхылъымпІэ лъапІэхэр къызэращэхури къелеекІ ахъшэхэмкІэщ. Дэ ди экономикэм инвестицэхэр егъэлеяуэ хьомэщІэкІ, ар ахъшэшхуэ дыдэ хуэныкъуэщ.

- Куэд щІауэ жаІэ ди зэхущытыкІэхэр ткІий хъумэ, Вашингтон ди мелардхэр пІалъэкІэ ирищІыныкІэ, уеблэмэ къыдимытыжьыхэнкІэ хъуну.

- ЩытыкІэр щытэмэмым и деж США-м апхуэдэ ищІэнукъым - и тхылъымпІэ лъапІэхэм ахъшэ халъхьэныр зэрымышынагъуэнщІэ и лъэбакъуэм къыгъэлъэгъуэнущ. ИтІанэ я щІыхуэхэр къызэтещэщэнущ, дзыхь хуащІыжынукъым. Арщхьэкіэ дунейпсо рынокыр цІыкІу-цІыкІуу зэкІэщІэкІмэ, къэралхэм зыуэ щыт я финанс ухуэкІэр къызэпыудмэ, США-м и трежерисым къыхалъха ахъшэ псори къызыхиугъэнэжьынкІэ хъунущ. Абы къыхэкІыу ди ахъшэхэм шынагъуэ къальэмыІэсынкІэ къызэдгъэпэщын хуейщ.

- Сыт хуэдэ щыкІэкІэ?

- КъызэрыгъэкІыу. Бий къытхуэхъункІэ хъунум и жып ди ахъшэхэр щІилъэн щыІэкъым. Абы иджыпстуи щІиуфэркъым зауэ щІыІэ къызэрадищьылІар.

ЧЕРНЫХ Евгений.
«Комсомольская правда».

● Хы фІыщІэ Іуфэ

Къуажэдэсхэм яІуощІэ

Лазаревск щыналъэм и къуажэхэр къызэхэзыкІухьа Затулин Константин яІущІащ Шахэкіеишхуэрэ Хьэджыкъуэрэ щыпсэухэм. Политолог, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, СНГ-м хьихьэ къэралхэм я институтым и унафэщІ, теленэтын езыгъэкІуэкІ Затулинир а къуажэхэм жьыми щІэми къыщацІыху. Ар Сочэ кьалэ къызэрыщалъхуар а псом хэпІыхьэжмэ, фІыуэ къыщІальагъур, дзыхь къыщІыхуащІыр гурыІуэгъуэ.

Сочэ и Шахэкіей, Пыгъэтх къуажэ округхэр зэпэжьыжьэми, сыткІи зэрощІэ, зэдоІэпыкъу. ЗыгъэгъазэмкІи я Іуэхуэр зэщхьщ. Затулин Константин Іущ!эну къэкІуэхэм, «Урысей зэкъуэтым» и лІыкІуэу Къэрал Думэм ягъэкІуэну къаГъэлъэгъуэхэм я фІэщ мэхъу я Іуэху зэІумыбзхэр гъэзэкІуэжьынымкІэ ар къаззрыдэІэпыкъунур. Абыхэм къальытэ зи гупсысэр пхызыгъэкІыф апхуэдэ щІыхуэр Къэрал Думэм гъэкІуэн хуейуэ.

- Нэхъапэхэм мы щІыпІэхэм сыкъэкІуэрейуэ щытащи, си гуапэщ фи псэукІэр зыхуэдэр зэзгъэпэжгъуну, - жиІащ Затулин Константин, Шахэкіеишхуэ щыпсэухэм щепсальэм. - Ди зэІущІэм мыхьэнэ иІэщ къуажэдэсхэр нэхъ зытегуэзвыхь Іуэхуэхэр тэмэму къызгурыІуэнымкІэ.

Зэ!ущІахэр нэхъыщхьэу зытепсэлъэхьхар щІым теухуауэ яІэ гукъеуэрщ. Акционер зэгуэхэнигъэхэм яІэщІэлъ пхъэщхьэмыщхьэ хадэжьмрэ шей хадэжьмрэ тэмэму емылэжьыгъэ зэрызэщІэкІэжьи ягу къызэреуэр жаІащ къуажэдэсхэмрэ Адыгэ Хасэм хэтхэмрэ. ЩІыр бэджэнду къэпщтэнырэ е къэпщэхуныр тынш ямыщІауэ, къуажэдэсхэм зэрызамыужьынур жаІащ мы Іуэхум игъэпІейтейхэм.

Ахэр тепсэлъыхьащ «УФ-м и щыдэлъху лъэпкъ мащІэхэм я хуитыныгъэхэр» федеральнэ законыр краим щыгъэзэщІэн зэрыхуейм, адыгэ къуажэхэм щыпсэуэхэр мы щІыпІэм зыщалпльыхьыну, зыщагъэпсэхуну къакІуэхэм хуэІуэхуэщІэ хуэзэщІэхэм яхьыжьым пыщІа гугъуехьхэм, ягу ФІыщІэ Іуфэм и щІыуэпс тельыджэр хъумэным. НэгъуэщІ зы Іуэхугъуэми къыІетуэныІащ: Шахэ, Ашэ псыежьэхэм пэгъунэгъуэ щыІэ къуажэхэм щыпсэуэхэр зэпэмыууэ епэщІэтын хуей мэхъу а псыхъуэхэм мывэкІэщъ изышъэм.

Тепсэлъыхьащ бынунагъэшхуэхэм яІэпэкъуным, Шахэкіеишхуэ хьуэзащІэхэм якІыжьынкІэ, Шахэкіеишхуэ сабий садрэ школ стадионрэ дэщІыхьыным.

- Къуажэдэсхэр зыгъэгъазэ Іуэхуэхэм я ныкъуэр щІыналъэм щызэфІэпхъхунущ, - жиІащ Затулиным, - нэхъ гугъуэхэр, щэн хэмылъу, Федеральнэ Іуэху щІын хуейщи, абы дытелажьэнщ.

НЫБЭ Анзор.

● Тетъыджэ

НэхъыкІэхукІэ - нэхъыбэ

2016 гъэм и япэ мазищым «Газпром» корпорацэм (абы и акцэхэм я процент 51-р къэралым ейщ) нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэдитІкІэ хигъэхъуащ езым и унафэщІхэм яІэрыхьэ ахъшэм. Ар къыщыгъэлъэгъуащ абы и финанс отчётым. Газ монополием и правленэм хэт щІыху 17-м псори зэхэту блэкІа ильэсым и щІышылэ - гъатхэпэ мазэхэм ялъысат сом мелуан 557-рэ. Иджы ар мазищым сом мелард 1,1-м щІигъуащ.

СЫТУ пІэрэ ар къызыхэкІар? Дауи, лэжьыгъэм къыщахьа екъуІэныгъэхэркъым. Иужь ильэс тІощІым нэгъабэ нэхърэ нэхъыкІэу лэжьакъым корпорацэр! Газ зэрищэм къыщІух ахъшэр проценти 6,6-кІэ, апхуэдэ гъэсэныпхъэу къыщышыщ проценти 5,7-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. «Газпром»-м и лъэщагъыр газ кубометр мелард 600-м зэрыщІигъур къэплъытэмэ, компанием абы щыщу къиГъэсэбэпыр Іыхьэ щанитІщ.

Ярэби, и къарур урысей къалэхэмрэ къуажэхэмрэ газификацэ щІыным тригъэкІуадзу пІэрэ? Фэ езыхэр фегупсыс: нэгъабэ Урысейм ику иту газификацэр здынэсэр процент 66-рщ (къуажэхэм процент 55-рэ щыхъуакъым). Абы щыгъуэ къаГъэгугъат газификацэр 2015 гъэм зэфІагъэкІыну. Апхуэдэ лэжьыгъэм папщІэ кІэпейкІэ иумыту куэлыкъущІэхэр Іубгъэкі хъунут. Арщхьэкіэ «Газпром»-р нэхъыбэу зыІэщІэлъ къэралым зи Іэхуэхэр пхымыкІ компанием и унафэщІхэр хуит ещІ езыхэм я хэхъуэхэр хуэдитІкІэ къаІэтыну.

Пэжщ, «Газпром»-р абы и лъэныкъуэкІэ къаззрыщхьэщыкІ щыІэкъым адрей къэрал компаниехэм. Абыхэм я улахуэхэм хохъуэ, зэфІагъэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм емылъытауэ. Абы щыгъуэми 2014 гъэм и дыгъэгъаззм Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъаззм къалэну къигъэуващ къэрал компаниехэм я унафэщІхэм ират ахъшэр зэфІагъэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэм тращІыхьыну. Зэрыштлъагъуащ, ящІар нэгъуэщІу. И чэзу зыкъуэкъ щхьэзакъуэ бизнесым ІуэгуІ етыным гулъытэшхуэ хуэзыщІ зызыужьа къэралхэм я щапхъэм дыдэпІьеину? Жыгтэнщи, лэжьыгъэр къызэпызыудам и улахуэр зэфІагъэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэм тращІыхьыну. Зэрыштлъагъуащи, ящІар нэгъуэщІу. И чэзу зыкъуэкъ щхьэзакъуэ бизнесым ІуэгуІ етыным гулъытэшхуэ хуэзыщІ зызыужьа къэралхэм я щапхъэм дыдэпІьеину? Жыгтэнщи, лэжьыгъэр къызэпызыудам и улахуэр зэфІагъэкІа лэжьыгъэр зыхуэдэм тращІыхьыну. Зэрыштлъагъуащи ящІар нэгъуэщІу.

НЕВИС Борис. *«Мир новостей».*

● «Мэшыкъуэ-2016»

КІуэ пэтми хохъуэ

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм ящыщу «Мэшыкъуэ» зэхьхьэм кІуэхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ. Абы уи проект щыбгъэльэгъуэн дэ нэхъ къэна, волонтёру ущыІэнри, зэрыжаІэщи, ятІэ къэсым и насыпкъыхьыркъым. Псалъэм папщІэ, волонтёр къалэныр ягъэзэщІэну гупыж зыщІа ныбжьыщІэ 580-м къыхахар 130-рэщ.

Мы зэхьхьэр къызэзыгъэпэщхэм я мурадщ ятІэлъкІэ абы щыпхагъэкІа проектхэр Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэуэгу псоми щагъэльэгъуэну.

УФ-м и Президентым и лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Меликов Сергей къызэрыхигъэщащи, «Мэшыкъуэм» нэхъыбэу къеГъэблэгъэн хуейщ къуажэдэс щІалэгъуалэр, езым и псальэкІэ жыпІэмэ, «ахэр гъащІэм нэхъ пэгъунэгъущи». Меликовым кьелъытэ абыхэм я жэрдэмыр ядэпІыгъыным мыхьэнэзыуэ иІэу, къуажэхэм заужьыным яхэущьхьэпэну.

Мыгъэрей зэхьхьэр нэхъыбэу зытраухэр щыІэупсыр хъумэнымкІэ щІапхъэщ.

ЕВДОКИМОВЭ Еленэ.

● Мытъку

Я фІэщ хъуркъым

УФ-м экономикэ зыуэжьыныгъэмкІэ и министр Улукаев Алексей жиІащ къэралым кризисыр щиухауэ. Ауэ цІыху къызэрыгъэкІхэм абы шэч къытрахьэ: я псэукІэр иджыри нэхъыкІэ мэхъу. ВЦИОМ-м кьитахэм ятепльыхьмэ, урысейхэм я Іыхьэ щанитІым ерыскъыриухэту яхэщІ псори (ягъэкІуэщІхэм я процент 80-м нэсыр) ягъэмэщІэн хуейщ. ЗэупщІахэм я процент 65-м кьалъытэ мы зэманым ахъшэшхуэ зытекІуадэ хьэпІыпІэхэр къэпщэху мыхьуну, процент 87-р мэшынэр кредитхэр кьащтэну. А псори щыІэхьэт тохъуэ зиусхьэн Улукаевым «зэрыкІэригъэсхьам».

МащІэ дыдэщ

УФ-м и Къэзыбж палатэм и унафэщІ Голиковэ Татьянэ Къэрал Думэм щызэхилъхьэжащ 2015 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэр. Аудиторхэм сэтей къащІащ хуауТІыпщ ахъшэхэр зыхуахьа мурадхэм ауэ жыжьэуи куэд дыдэрэ кьыззрыщамыгъэсэбэпар. Хабзэм сом мелард 516,5-кІэ ебэкъуауэ къыщІэкІащ. Сыт зищІысыр сом мелард 516,5-р? Ар, псалъэм и хьэтыркІэ, нэхъыбэщ 2015 гъэм УФ-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм хухаха ахъшэ псоми (сом мелард 479-рэ) нэхърэ. КьулыкъущІэхэр есэжащ Іуэхугъуэ гъэрэхэр тегъэщІапІэ ящІурэ къэралым ахъшэ кьыІэха иужь, ар, процент къаГъэлъэжьын мурадкІэ, банкхэм зэрыхалъхьэм. Голиковэм зэрыжиІамкІэ, РЖД-м апхуэдэ щІыкІэкІэ щыбгъэдыхьащ бюджет ахъшэу сом мелард 61,3-м. Сыт ущІэлажьэнур, уи пІэкІэ бюджетыр лажьэмэ? Аращ и щхьэусыгъуэр мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ къэралпрограммэхэр хуэм дыдэурэ фІэкІа щІамыгъэзащІэм е щІамыгъэззащІахэм.

Голиковэ Татьянэ узыгъэгъазэ щапхъэхэр къыхьащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, ихужкэ мини 130-м щыщу мин 45 къудейращ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щыбгъуэтынур. Урысейм икиу итУ цІыху 13,1-рэ щолІэ зы миным щыщу, ауэ а бжыгъэр, къэтщтэнщи, Псков областым 22,6-р щохъу. Урысейм ику итУ гъащІэм щикІыхьагъэщ ильэс 70,1-рэ, арщхьэкІэ къуажэхэм а бжыгъэр зэрыщІэхъуэр ильэс 66-м зэрыщхьэщыкІ щыІэкъым.

Къэпщытэныгъэхэм ягъэ ирагъэкІуэкІ къыхьащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, ихужкэ мини 130-м щыщу мин 45 къудейращ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щыбгъуэтынур. Урысейм ику итУ цІыху 13,1-рэ щолІэ зы миным щыщу, ауэ а бжыгъэр, къэтщтэнщи, Псков областым 22,6-р щохъу. Урысейм ику итУ гъащІэм щикІыхьагъэщ ильэс 70,1-рэ, арщхьэкІэ къуажэхэм а бжыгъэр зэрыщІэхъуэр ильэс 66-м зэрыщхьэщыкІ щыІэкъым.

Къэпщытэныгъэхэм ягъэ ирагъэкІуэкІ къыхьащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, ихужкэ мини 130-м щыщу мин 45-р я Іэнатіэм Іуэгъэкіащ. Къэралыр ежауэ щыІэхадыгъуэ зэманым, занщІэу жыІэнщи, щыІэ дыдэщ. «Ягъэтіысхэр тлъагъуркъым?» - Путин Владимир апхуэдэу 2009 гъэм захуигъазаэу щытащ хабзэхъумэхэм. Иджыри тлъагъуркъым.

МИНАЕВ Игорь.
«Мир новостей».

● Сирие

Сириемрэ дзэм и Іэщ «Пшахъуэщ!ым и къаргъей бригадэкІэ» зэдзэ къудамэ. Абы хэт зауэлІхэм я Іыгъ хуит къащІыжа Пальмирэр.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лосэн Тимур

Бэч Азэмэт

Тхьэгъэлэдж Светланэ

Джэгум и псэр хабзэжьщ.
Джэгум и псэр къафэжьщ.

Пшынауэ джэгу

● Пшыхьхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щыIэх зиIэ я артист, пшынауэ, уэрэдус, макъамэтх Іэзэ Лосэн Тимур КЪБР-м и Музыкэ театрым иджыблагъэ щыIэзэхуишэсащ цIыхубэм я гур хэзыгъаХъуэ, дэрэжэгъуэ езыт и пшынальэхэмрэ макъамэхэмрэ фIыуэ зылъагъуэхр.

НЭГЪАБИ хуэдэу, джэгум цIыхухуэ къекIуэлIащ, лъэпкъ пшынальэм, пшынэбзэм, пшынэпсэм зэрыхуэзэшар Іупщу.

- Ди гум илъ Іэфlагъыр фи деж нэтхъэсыну, ди гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ зэдэдгуэшыну, дыздэгуфIэну аращ мы пшыхьыр къыщIыхьзэдгъэпэщар. Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым, - жиIащ Лосэн Тимур, къырихьлIахэм фIэхъус щарихьым.

Утыкур япэу ягъэбжыыфIащ «Бзэрабзэ» гупым хэт, илъэс 1Іощ зи ныбжь щIалэгъуалэм. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ лъапэлъэф къафэр зэрагъэзащIэм дыщыкIэлъыплъым, ди фIэщ хъуащ къэфэнкIэ абыхэм къатекIуэн зэрыщымыIар.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Лийхэ Аслъэнрэ Иринэрэ илъэс и пэкIэ къызэрагъэпэща «Ридадэ» гупым. Нэгъабэ Тимур зэхиша джэгум япэу щытлъэгъуа цIыкIухэм хэпщIыкIыу зэрызаужьар, я Іэзэгъэм зэрыхагъэхъуар хьэкът. Зи фащэкIи зыIыгъыкIэкIи зэкIуж ныбжьыщIэхэм я къафэкIэмрэ уэрэд жыIэкIэмрэ щIэщыгъуэ тщыхъуащ. Мы хъыджэбз цIыкIуэхэм зэфIэкI зэраIэр къыщагъэлъэгъуащ Москва, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, уэрэджьIакIуэ Хъыжьрокъуэ СулътIан нэгъабэ къыдигъэкIа «Уафэм - гъапIэу» фильмым Лосэн Тимур хуитха «Лэу-лэу» гущэкъу уэрэдыр игъэзэщIащ «Бзэрабзэ» гупым хэт Іэминэ. Хьыджэбзым пшыхьым зыкъыщигъэлъэгъуащ зэфIэкI зиIэ уэрэджьIакIуэу. Щэч къытегъэзыгъэ, Лосэн Іэминэ и макъ дахэр жыжьэ зэрыщыIунум.

Лосэн Тимур итха, макъамэ зыщIилъхьэжа е къиргъэщIэрэщIэжа уэрэдхэм ящыщ игъэзэщIащ Дыщэкl Артур. Тимуррэ Артуррэ мыгувэу къыдагъэкIыну я мураду зэдатх альбомым хыхьэну уэрэдэхэрщ дызэдэлуар.

Апхуэдэу Лосэным и псалъэхэмрэ макъамэхэмрэ зыщIэлъ уэрэдхэр, ахэр гурэз псэкIэ зэрызыхащIэр Іупщу, жаIащ Тхьэгъэлэдж Светланэ, Лий Аслъэн, Гуаэз Тимур, Бэч Азэмэт, ПащIэ Алим, КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ сымэ. Тимур и уэрэдхэу куэдым фIыуэ яльэгъуахэри, япэу ягъэзащIэхэри пшыхьым щыIуащ. Апхуэдэхэщ «Ботэщей», «Дахэ», «ПщIыхь», «Нэ къуэлэн», нэгъуэщIхэри.

ЗэрытщIэщи, макъамэмрэ пшынальэмрэ лъэпкъ гупсысэр, гъащIэр къызэщIаубыдэ. Пасэрей пшынэбзэ дахэр зи лъабжьэ макъамэм дыщыщIигъэдэIукIэ, Лосэным хуэзфIокI ди блэкIа зэманым, тхыдэм дыхишэн. Ар фIыгъуэ мылъытэщ. ЖыпIэнуракъэ, псалъэхэр хэщыпыхьу къыхихами ярейуэ, Тимур и уэрэдхэр щIэщыгъуэ пщохьу, макъамэхэр псэм хохьэ. Абы и щхьэусыгъуэр пасэрей пшынальэхэр лъабжьэ зэрахуищIарауэ къыщIэкIынущ. Ди фIэщ мэхъу а уэрэдхэр гъащIэ кIыхь зэрыхъунур, яIэщIэмыжьагъуэу куэдрэ зэрызэIэпахынур.

Пшынауэ джэгу нэсым и нэщэнэу, утыкум пшынэ зыбжанэ щыпIащIыурт. А макъамэ Іэмэпсымэм зэманым ижь къыщIихуурэ зэрызиужьар, зэрызихъуэжар Іупщ1т. Зэрысабийрэ пшынэм пщIэ хуэзыщI, а Іэмэпсымэм пасэу дихьэха Лосэнырэ кIэщIу къытеувыщащ и гъащIэ, зи хьыбар зиIэж пшынэхэм къадекIуэкI тхыдэ гъэщIэгъуэнхэм. Абыхэм ящыщ и анэшхуэм къыщIэнауэ нобэр къыздэсым хуэсакъыу ихьмэр, Батуми щащIа, Истамбул Адыгэ Хасэм тыгъэ къахуищIа, кIахэ лъэныкъуэмкIэ илъэс щэ ныкъуэ ипэкIэ къикIа пасэрей пшынэхэр. Зи инагъкIи зи теплъэкIи зэмыщхь а пшынэхэм я зэфIэкIыр чэзууэ ягъэунэхуащ. Абыхэм къарыкI макъамэхэр зыхуэдэм къызэхуэсахэр иригъэдэIуащ Анкара къыщалъхуа, ди лъэпкъэгъу щIалэщIэ Нэсрэн. Апхуэдэу ар еуащ и адэанэр щыпсэу Уэфн-Гийла щагъэзащIэ зы къафэ кIапэ. УедаIуэ пэтми зызыщумыгъэнщI а къафэр зэхэзыхахэм ящIэ абы и дахагъэр псалъэкIэ къызэрыпхуэмыIуэтэнур. Нэсрэн пшынэхэм кьриГъэкIам ящыщщ къэбэрдей къафэжьри.

КIуэ пэтми пшынэр къызэрыкIырт, пшынальэр зэрылъэлъырт, макъамэр псэм щесырт, джэгур нэхъри зэщIэплъэрт, къызэхуэсахэм я Іэгуауэм зиIэтырт. КъэфакIуэхэмрэ уэрэджьIакIуэхэмрэ нэхъри зыкъызэкъуэхырт. Пшынальэр, макъамэр, уэрэдыр, къафэр щызэхэухуэна, ахэр екIуу щызэщIэжьыуэ пшыхь гукъинэжьыр апхуэдэу гуапэу, хуабэу екIуэкIащ. Джэгум и къалэныр игъэзэщIащ. Ар къызэзыгъэпэщахэми я мурадыр къайхъулIащ. Ди фIэщ мэхъу Лосэн Тимур хуэдэ пшынауэ Іэзэхэр, уэрэдусхэр диIэху, адыгэр пшынэбзэ, макъамэ дахэ дызэрыщымыщIэнур.

Лъэпкъ пшынальэр хъумэнымрэ ар егъэфIэкIуэнымрэ зи гуащIэ хэзылъхьэ, макъамэр зи псэм хэлъ Лосэн Тимур фIыщIэ яхуищIащ Музыкэ театрым и унафэщI Барэгъуэн Руслан, утыку зэрита фащэхэр хуэзыда дэрбэзр Іэзэ Гъущlо Заирэ, концертым кърихьэлIахэмрэ ар зыгъэдэхахэмрэ.

Зэрыхабзэу, пшыхьыр уджкIэ зэхуащIыжащ. Музыкэ театрым и бжэIупэм щIалэгъуалэм пшынауэ джэгум щыпащащ. Къэфэну гукъыдэж зиIэхэр куэд хъурти, щIалэгъуалэм затIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Іэхъуэбгъ Илья** *трихащ.*

● Школ хъыбархэр

Іущхэмрэ Іущыцэхэмрэ я зэфIэкIхэр

Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іущыцэхэмрэ» гуманитар телевизионэ олимпиадэм и щыналъэ зэпеуэр. Абы хэтащ ди республикэм и еджакIуэ нэхъыфIхэр.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭР тхыдэмкIэ, щэнхабзэмрэ хэкур джыныкIэ зэпеуа нэужь, къэпщытакIуэхэм ягъэбелджылащ олимпиадэм щытекIуэхэмрэ абы и лауреат хъуахэмрэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іущхэмрэ Іущыцэхэмрэ» зэпеуэм щытекIуащ Бгъэжьнокъуэ Миланэ (ХьэтIохъущыкъуей къуажэ, курыт школ №91), Тау Валерэ (курыт школ №95, Налшык къ.), Журт Даринэ (курыт школ №95, Налшык къ.) сымэ. Абыхэм ираташ зэпеуэм и щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ.

А зэхьэзэхуэм и саугъэтхэр апхуэдэу хуагъэфащащ Инарокъуэ Инал (Сабий творчествэмкIэ центр, Тэрч къ.), Къудей Идар (курыт школ №99, Налшык къ.), Мамучиевэ Мадинэ (курыт школ №32, Налшык къ.), Зайченкэ Демид (курыт школ №23, Налшык къ.), Зукаевэ Даянэ (гимназие №13, Налшык къ.), Къудей Эльмирэ (лицей №2, Налшык къ.), нэгъуэщIхэми.

«Іущхэмрэ Іущыцэхэмрэ» урысейпсо олимпиадэм и кIэух зэпеуэу дыгъэгъазэм Москва щекIуэкIынум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу хэтынущ Бгъэжьнокъуэ Миланэрэ Тау Валерэрэ. НыбжьыщIэхэм дохъуэхуу ябгъэдалъ щIэнбгъэ кIуурэ зэфIэкI льагэмрэ къэралпсо утыкум ехъулIныгъэкIэ къыщагъэлъэгъуэфыну.

ЖЬЫЛАСЭ Маритэ.


Бгъэжьнокъуэ Миланэ

Тау Валерэ

● Урысейпсо Іуэху

ЖэрдэмщIакIуэхэр - сабийхэм

Гугъуехьым пэщIэхуа сабийхэм ядэIэпыкъу фондым ирегъэкIуэкI «Жэрдэмщакlуэхэр - сабийхэм» урысейпсо Іуэхур. Ар теухуащ унагъуэхэр хъумэным, анэхэмрэ сабийхэмрэ ядэIэпыкъуным, зыхуэзфIэмыкIхэм цIыхухэр яхуэгумащIэу егъэсэным, зи узыншагъэр мыщIагъуэ сабийхэм гулъытэ яхуэщIыным.

IУЭХУМ хэт хъунущ цIыху щхьэхуэхэр, унагъуэхэр, жэрдэмщакIуэ гупхэр, УФ-м и щIыналъэхэм я къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апIэхэр, СМИ-м и лэжьакIуэхэр. Псапэ зыпылъ Іуэхур яухынущ фокIадэм и 15-м. Абы жыджэру хэтхэм щIыхь тхылъхэр ираты нущ.

Іуэхум теухуа хъыбар итщ www.fond-detyam.ru сайтым.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апIэ.

● ЩIэблэ

Анэдэлъхубзэм и IэфIыр зыхащIэ

Налшык къалэ дэт сабий гъэсапIэ №63-м иджыблагъэ зэIущIэ дахэ щекIуэкIащ. Абы къарагъэблэгъат республикэм фIыуэ къыщацIыху журналист, усакIуэ, уэрэдус Вындыжь Марие.

МЫ САБИЙ гъэсапIэм щIэх-щIэхыурэ зэхьэзэ гъэщIэгъуэнхэр щрагъэкIуэкIри, Вындыжь Марие и усэхэмрэ абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэмрэ сыт щыгъуи къагъэсбэл. Зи цIэр ящIэ, зи тхыгъэхэмкIэ яцIыху Марие Іущэнэр ныбжьыщIэхэм я дежкIэ гуапэ дыдэ хъуащ.

«Сабий гъуэгу» тхылъым ихуахэм, Марие и адрей усэхэм ящыщхэр цIыкIухэм гукIэ зрагъэщIат, абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэми екIуу къыдэфащ.

ЗэIущIэм къарагъэблэгъат сабий гъэсапIэр нэхъ ипэкIи къэзыуха Щэрмэт Астемыр, Къущхьэ Лалинэ, Шэрхъ Мухьэмэд, Къатинэ Арианэ сымэ. Ахэр гъэхуауэ усэ къызэреджэм, я къафэкIэмрэ уэрэд жыIэкIэмрэ уеплъыныр гухэхъуэт. Сабий садымрэ абы кьекIуалIэу щыта ныбжьыщIэхэмрэ зэрыщIэныр мыбыхэм хабзэ яхуэхъуащи, ари щапхъэщ. Пэжыр жыIпIэмэ, цIыкIухэми хъыбар къызэрырагъащIэу, яфIэфI дыдэу къокIуэ.

Вындыжь Марие псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ сабийхэми абыхэм я гъэсакIуэхэми.

Анэдэлъхубзэм и IэфIыр сабийхэм зыщыхрагъащIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр илъэс 35-рэ хъуауэ Бэлэтокъуэ Ритэ егупсу къызэрегъэпэщ, гу къабзэрэ псэ хьэлэмкIэ и лэжьигъэм бгъэдэтщи, къэкIуэнум фIыкIэ ущегъэгугъ. Щэч хэмылъу, мы сабий гъэсапIэм къыщIэкIынущ Хэкур зыгъэбжьыфIэн щIэблэ дахэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Тхылъыщ1э

«Шытх. ХитIым я зэхуаку Кавказ»

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-р я щIэгъэкъуэну къыдагъэкIа «Шытх. ХитIым я зэхуаку Кавказ» сурэт-альбомым щызэхуэхьэсащ урысей сурэттех, щIыпIаплъэ-зыплъыхьакIуэ Ланге Антон ди щIыналъэм теухуауэ игъэхьэзырахэр. А лэжьыгъэр щагъэлъэгъуэнущ мэкъуауэгъуэм и 3 - 6-хэм илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Ут плъыжь» тхылъ фестивалым.

- ФIыщIэ яхудощI фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэм, Кавказ Ищхъэрэм и дахагъэм, и щIыуэпсым и къулеигъэхэм, и турист зекIуалIэ гъэщIэгъуэнхэм Ланге Антон ятриха сурэтхэр москвадэсхэмрэ зэщIэхэмрэ зрагъэлъагъуну Іэмал зэрыратамкIэ, - жиIэ АО-м и унафэщI Горчев Олег. - «Шытх. ХитIым я зэхуаку Кавказ» проектыр ди къэралым и ут нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкIыну тхылъ фестивалым и программэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ и зы Іыхьэу хихьэнущ. Си фIэщ мэхъу Кавказ Ищхъэрэм и щIыпIэ гъуэзджэхэр игъэкIыпIэкIэ зэзыгъэлъагъуну хуейхэм ящыщ куэдыр фестивалым щыIа иужькIэ а щIыналъэм зыплъыхьакIуэ зэрыкIуэнури. Псом хуэмыдэжу, дунейр щыдахэ, жыы къабзэр щытепщэ гъэмахуэ зэманым. Абыхэм я зыгъэпсэхугъуэр екIуу къызэрызэдгъэпэщын, ахэр къызэрыдэтхъхьэ Іэмалыф1хэр дэри диIэщ.

- «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» компаниер и щIэгъэкъуэну, Ланге Антон илъэситкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм и Іэужь альбомым и пэублэ сурэтхэр нэгъабэ жэпуэгъуэм Мэзкуу Художникым и унэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта, интеллектуальнэ литературэмкIэ Non/fiction плIанэпэм щыдгъэлъэгъуат. Кавказым и мылыплъэхэр, уэсыщхьэхэр, пасэрей чэщанэхэр, зэщIэгъагъэ и бгы лъапэхэр, нэгъуэщI мыхъуми сурэткIэ, зэзыгъэлъагъуну хуейуэ абы щыгъуэ къекIуэлIэхэр пэшым щIэхуэжьыртэкъым, - и гукъэкIыжхэмкIэ мэгуашэ Ланге Антон.

Зи гугъу тщIы альбомым щытепсэлъыхьынущ, ит сурэтхэри щагъэлъэгъуэнущ «Ут плъыжь» тхылъ фестивалым щагъэувыну «ЩIыналъэхэр» пщIым и кIуэцIым, мэкъуауэгъуэм и 5-м, сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-м къыщыIэдзауэ. Хэт хуейми абы пщIэншэу щIыхьэ хъунущ. Къызэхуэсахэр едэIуэнущ зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Ланге Антон къиIуэтэжынухэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Авархэм я щэнхабзэм нэIуасэ зыхуэфщIыну фыхуеймэ

Мэкъуауэгъуэм и 2 - 3-хэм Авар щэнхабзэм и махуэхэр Налшык щагъэлъэпIэнущ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 2-м Музыкэ театрым и бжэIупэм, къыкIэлъыкIуэ махуэм Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унэм деж иIэ утыкум дагъыстэнхэм я лъэпкъ хьэпшыпхэм я жармыкIэ, я сурэтыщIхэм я Іэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщынущ.

Ахэр сыхьэт 15-м щIидзэнурэ 19 хъуху екIуэкIынущ.

Абы къыкIэлъыкIуэу Цадаса Гамзат и цIэр зезыхьэ Авар музыкэ-драмэ театрым игъэува «Ди адажьэхэм я жьэгум деж» спектакль Музыкэ театрым щагъэлъэгъуэнущ, сыхьэт 19-м щIидзэу. Макъамэ, уэрэд къыхэхахэр, гушыIэ тепльэгъуэхэр ягъэзэщIэнущ Дагъыстэным, ди къэралым щыцIэрыIуэ артистхэм.

Билетхэр ящыкIэ театрымрэ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрымрэ къыщыфщэху хъунущ.

УпщIэ зиIэхэр 77-42-08; 42-64-94 телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ.

● Гу зылъытапхъэ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм

инджылызыбзэкIэ хуиту фыкъеджэу нкIи фыпсалъэу фриГъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-хэм ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм);
- гъэмахуэ зэманым лажьэ щIол щхьэхуэ къызэрегъэпэщ.

Езым и Іуэхур зэрыхуэхъум хуэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къекIуалIэ хъунущ.

Еджэн щIадзэ мэкъуауэгъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхьынхэр къэпсалъэ хъунущ **8-967-417-78-85** телефонымкIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кIуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Элдэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 4, -нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №706